

### **Tèm Itilizasyon**

Elèv/paran/gadyen yo dwe konfòme yo ak Regleman ak Pwosedi PPSD ki gen rapò ak itilizasyon teknoloji ak aparèy Distri a toutan andedan ak deyò Distri a. Si yo pa rive rèspekta sa, sa kapab mennen aksyon disiplinè ak konfiskasyon dwa posesyon elèv la nan byen Distri a ak resous enfòmatik yo. Tout aparèy ak akseswa yo dwe retounen nan bon kondisyon bay lekòl la anvan dènye jou kalandriye ane lekòl la, sof si responsab Distri yo mete fen ak posesyon an oswa lè elèv la kite lekòl la.

### **Responsabilite**

- 1 Yo ta dwe kontakte pwofesè elèv la oswa administrasyon lekòl la imedyatman si pwopriyete a domaje, pèdi oswa yo vòlè li.
- 2 Yo dwe depoze yon rapò lapolis epi yo dwe bay lekòl ou a yon kopi nan ka ta gen vòl, zak vandalis ak lòt zak kriminèl.
- 3 Elèv la oswa fanmi elèv la pral responsab pou frè reparasyon/ranplasman an si:
  - a Domaj la fêt akoz neglijans oswa aksyon volontè.
  - b Aparèy la pèdi oswa yo vole l akoz neglijans oswa aksyon volontè.
  - c Aparèy la pa retounen bay Distri a nan fen ane lekòl la.

### **Swivi ak Kontwòl Aparèy la**

- 1 Tout aparèy mobil yo pral gen yon lojisyèl ki enstale nan yo pou swiv yo nan ka ta gen pèt oswa vòl. Lojisyèl sa a gen potansyèl pou swiv mouvman ak itilizasyon tou andedan ak deyò Distri a
  - a Lojisyèl Suivi yo pral pèmèt sèlman si yo pèdi oswa vòlè aparèy la oswa pou ede nan envestigasyon ki gen rapò ak sekirite elèv yo.
- 2 Tout aparèy mobil k ap kite Distri a dwe gen ladan yon lojisyèl filtè entènèt. Lojisyèl sa a enstale pou asire sekirite elèv la.
  - a Lojisyèl filtraj Entènèt la pral gen kapasite pou swiv itilizasyon aparèy la ni andedan ni deyò Distri a.
  - b Tantativ pou fèmen oswa dezaktive lojisyèl filtraj entènèt yo entèdi epi yo pral konsidere kòm yon vyolasyon nan regleman sa a

### **Gid Jeneral pou Aparèy yo**

- Elèv yo pa gen okenn atant sou vi prive yo. Distri a ka kontwole nenpòt enfòmasyon ki estoke oswa transmèt ak aparèy la.
- Aparèy mobil distri a posede yo pral make ak yon etikèt distri a apwouve. Yo pa dwe retire etikèt sa a pou okenn rezon.
- Elèv yo dwe avize pwofesè yo oswa administrasyon lekòl la si aparèy la pa fonksyone kòrèkteman.
- Okenn moun pa gen dwa efase fichye/dokiman yo, sèlman kreyatè orijinal/pwopriyetè a.
- Yo pa kapab estoke, transmèt, oswa jwenn aksè nan kontni ki pa apwopriye sou aparèy Distri a
- Elèv yo dwe konekte ak non itilizatè yo ak modpas yo.
- Elèv yo pa ka pataje enfòmasyon pou yo konekte a ak lòt moun.
- Chak aparèy atribye avèk yon elèv endividiyèl. Elèv yo pa ta dwe janm "chanje" oswa "pataje" aparèy yo ak yon lòt elèv.

- Yo dwe remèt aparèy mobil yo bay Anplwaye Distri a pou reparasyon si yo pa fonksyoner byen. Tanpri pa eseye repare aparèy la ou menm. Nenpòt tantativ pou repare aparèy la ak yon pèsonèl san otorizasyon ap lakòz elèv la responsab pou pri ranplasman konplè aparèy la.

### **Responsabilite yo**

#### ***Elèv***

- Elèv yo responsab tout tan pou aparèy yo a, keseswa lakay yo oswa nan lekòl la.
- Elèv yo responsab pou pote aparèy yo nan lekòl la chak jou.
- Elèv yo pa ta dwe prete aparèy yo oswa nenpòt eleman ki asosye bay yon lòt elèv pou okenn rezon.
- Elèv yo responsab pou chaje epi kenbe batri a nan aparèy yo chak jou.
- Elèv yo responsab pou revize e pou rèspekte regleman lekòl la ak Distri a.

#### ***Paran***

- Paran/gadyen yo responsab pou kontwole itilizasyon aparèy la, nan men pitit gason oswa pitit fi yo lè yo deyò lokal Distri a.
- Paran/gadyen legal yo responsab pou revize regleman sou itilizasyon Akseptab PPSD a avèk elèv yo

### **Pwosedi pou Retou**

Nan fen ane lekòl la, oswa pi bonè jan Distri a detèmine sa, elèv yo pral retounen aparèy la ak tout akseswa yo bay lekòl yo a.

Yo pral fè verifikasyon ak enspeksyon sou aparèy ak akseswa yo pou wè si gen domaj. Elèv yo pral responsab pou nenpòt pyès ki manke.